Славяна Бушнева

# ОсцІыфцІыкІурэ, АдыгэкІэлэцІыкІурэ ыкІи УрыскІэлэцІыкІурэ къяхъулІэгъэ хъугъэ-шІагъэхэр



**Славяна Бушнева**

# ОсцIыфцIыкIурэ, АдыгэкIэлэцIыкIурэ ыкIи УрыскIэлэцIыкIурэ къяхъулIэгъэ хъугъэ-шIагъэхэр. История о Снежике, Горике и Егорике

*http://www.litres.ru/pages/biblio_book/?art=70708318*
*ISBN 9785006257641*

## Аннотация

В книге представлен рассказ «История о Снежике, Горике и Егорике» на адыгейском, ногайском, абазинском, карачаевском, удмуртском и русском языках…

# Содержание

Благодарность 5
Адыгейский язык ➨ ОсцIыфцIыкIурэ (Снежик), АдыгэкIэлэцIыкIурэ (Горик) ыкIи УрыскIэлэцIыкIурэ (Егорик) къяхъулIэгъэ хъугъэ-шIагъэхэр 6
Конец ознакомительного фрагмента. 12

# ОсцIыфцIыкIурэ, АдыгэкIэлэцIыкIурэ ыкIи УрыскIэлэцIыкIурэ къяхъулIэгъэ хъугъэ-шIагъэхэр История о Снежике, Горике и Егорике

## Славяна Бушнева

*Иллюстратор* Славяна Николаевна Бушнева
*Переводчик* Славяна Николаевна Бушнева

© Славяна Бушнева, 2024
© Славяна Николаевна Бушнева, иллюстрации, 2024
© Славяна Николаевна Бушнева, перевод, 2024

ISBN 978-5-0062-5764-1
Создано в интеллектуальной издательской системе Ridero

# Благодарность

Хочу сказать спасибо уважаемым людям, носителям языков народов нашей многонациональной страны: Рамазану Тугову, Асану Найманову, Руслану Клычеву, Юргису Алексееву, Наталье Кирилловой, Айтеку Дугу!

# Адыгейский язык # ОсцIыфцIыкIурэ (Снежик), АдыгэкIэлэцIыкIурэ (Горик) ыкIи УрыскIэлэцIыкIурэ (Егорик) къяхъулIэгъэ хъугъэ-шIагъэхэр

Къушъхьэм хэт чылэм ипчэдыжь мыгузажъоу рекIокIы, тыгъэнэбзыйхэр къушъхьэ кIыбым къыкъоплъых ыкIи чылэм зэготхэу щыт унэ цIыкIухэр къегъэнэфы…. Былымхэри къэущыжьыгъэх, къэбырсырыгъэх, амакъэхэр къагъэIу ыкIи гушIохэзэ зиехэм къапэгъокIых.

Джащ фэдэ гъэмэфэ мафэ горэм илъэсипшI зыныбжь кIэлэцIыкIур зы цIыф цIыкIу гъэшIэгъон горэм IукIагъ ыкIи ащ «ныбджэгъуныгъэр» зыщыщыр кIалэм дэгъу дэдэу къыгуригъэIуагъ

Аслъан джыри кIэлэцIыкIуми ышIэщтыгъэ: яунагъо ежь нэмыкI хъулъфыгъэ зэримысыр, хъулъфыгъэ Iофхэр зэкIэ ыпшъэ зэрэдэлъыр. КIалэм ятэ иIэжьыгъэп, шы иIэп, иIагъэр янэрэ ышыпхъуцIыкIурэ. Унэр зэIупхыныр, шхын, гычэн, пщэрыхьэн Iофхэм янэ ауж итыгъ, кIэлэцIыкIум хъулъфыгъэ Iофхэр ыгъэцакIэщтыгъэ, ышыпхъуцIыкIуи лъыплъэщтыгъэ. Ежъхэмэ ыкIи гъунэгъумэ ямэлхэр, ячэмхэр пчэдыжь къэс жъэу кIалэм дифыщтыгъэх ыкIи бгычI-

эм пэмыкIыжьэ шъофым щигъэхъущтыгъэх. КIэлэцIыкIум иIофшIакIэрэ изекIуакIэрэ цIыфмэ алъэгъущтыгъэ, дырагъаштэщтыгъэ. ЦIыфыбэмэ аIощтыгъэ: мы кIэлэцIыкIур къушъхьэхэсцIыф шъыпкъэу щыт (Горик).

Пчэдыжьым жьэу къызыущкIэ кIэлэцIыкIур ежь ежьырэу зэупчъыжьыщтыгъэ: «Сыд пае мы щыIакIэр къытфыхахыгъа?» НэмыкI унагъохэм тыри, ныри яIэх, кIали, пшъашъи боу мэхъух, Iофхэр псынкIэу аухы, загъэпсэфынэуи уахътэ яI. Нахь хахъо къэс, кIалэр ыгукIэ фэягъ Iофышхо горэ ыгъэцэкIэнэу, цIыфмэ зэхахынэу ыкIи ичылэ къыддэсхэр рыгушхонхэу.

Ежь Горик зыщыпсэурэм пэгъунэгъоу гъогу шъуамбгъом машинэхэр непи, нычэпи рыкIощтыгъэх. Машинэм къарычрэ туристхэр бэрэ ылъэгъущтыгъэ ыкIи бгылъагэм тесэу ыгъэшIагъоу алъыплъэщтыгъэ. Гъэмафэрэ былымхэр кIалэм зыщигъэхъурэ шъофым туристхэр благъэу къекIуалIэх, картхэр зытырахых. КIымафэрэ туристхэр Iажэхэм арысхэу ос куу зытелъ бгышхом гушIохэсэ къечъэхых, дэкIоежьых – етIани къечъэхых. Бэрэ Горик егупшысыщтыгъэ: «Къалэм ущыпсэункIэ нахь дэгъун фае». Ау къыгурыIощтыгъ: «ЧIыпэу укъызыщыхъугъэм нахь тхъагъо щыIэп». Ежь-ежьрэу зэушъыежьыщтыгъэ: «Мы дунаим сичIыпэр мары! Сыфай сыкъызыщыхъугъэ чIыпэр зэкIэ цIыфмэ зэхахынэу, алъэгъунэу»

Зы мэфэ фабэ горэм Горик былымхэр ыгъэхъузэ чIыIэтэгъэ тIысыпIэ дэгъу чъыг чъэгъым къыщигъоти щетIысэхы-

гъ. ИпаIо фэсакъызэ мыжъом тыригъэтIысхьагъ ыкIи ятэ ыгу къэкIыжьыгъ: «Мы паIор тятэ иягъ». Щэлямэу янэ къыритыгъэр ышхынэу къыштагъ, ау ежь зэриIожьыгъэ: «Дэгъоу сытIысыгъ, ау мэлхэмрэ, чэмхэмрэ синаIэ атетын фае. Тыгъужъхэм агъащтэх, зэбгырафых. Бгы тIуакIэм дэфэх, мэзым хэкIуадэх».

Горик былымэу ыгъэхъухэрэр дэгъоу ышIэщтыгъэх, гъунэгъумэ яехэри, ежьмэ яехэри дэгъоу зэхифыщтыгъэ. Мафэ къэс былымхэр чылэм къыдифхэми, ыфыжьхэми къылъытэжьыщтыгъэх. Ау кIалэр ыгукIэ зыфэягъэр шы дэгъухэр, шы дахэхэр иIэнэу ары. «Дэгъугъэба мы турист пчъагъэу мыгъэ талъэныкъо къакIохэрэр шымэ атесхэу къепщэкIынхэр!»

Гупшысэным хэтэу, къымышIэу кIэлэцIыкIум зыригъэкIыгъ. ПкIыхьэпэ шIагъо ылъэгъоу хэчъыягъ. Елъэгъу: «Шъоф шхъонтIэ шIагъо чэулъагэкIэ къэшIыхьагъэу. Зы тыгъужъи, зы мышъи къэдымыхьашъоу, былыммэ уафэмыгумэкIэу, узыщыфаем уIоф пшIэу гупсэфэу ущыI. Былымхэр гъэшхэкIыгъэх, гъэшъокIыгъэх. Ежь Горик зэрыфаеу шы шIагъохэр иIэх, туристхэр къыфэкIох, ишхэм атесхэу чIыпIэ гъэшIэгъонхэр ахэмэ арегъэлъегъух. Янэрэ, игъунэгъухэмрэ кIалэцIыкIум гъэхъагъэу иIэхэм ащэгушIукIых… Ау сыда къэхъугъэр джы!? Ошъопщэ шIуцIэхэр къыкъокIых, тыгъужъ отэр мэлхэр зыдэт къакъырэр пхырауты, кIалэм ыпашъхьэ илъ былымхэр зэкIэри лIыгъэхэу щылъых…»

А гуих пкIыхьапэу ылъэгъугъэм Горик къыгъащти къэущыжьыгъ ыкIи зэриIожьыгъэ: «Щынэгъошху слъэгъугъэр,

умычъыемэ нахь дэгъу!». ПсынкӀэу къэтэджи, зэмыплъэкӀэу Ӏэбагъэ ятэ ипаӀо къыштэжьынэу. Ау паӀор мыжъом телъыжьыгъэп: «Тэ хъухъа сипаӀо?» – ыӀуи ыгъэшӀэгъуагъ кӀалэм.

Зызеплъыхьэм былымхэр шъофыр афэмыхъоу зэбгырыугъэх. «Арэп джыри тыгъужъхэм агъэщтагъэха?! Шъынэхэр алӀыщтых!» – ыӀуи къэщтагъ кӀалэр. Ӏэхъобэщыр ышти псынкӀэу ежьагъ былымхэр ыугъоижьынхэу. Ау ежь кӀалэм пэчыжьэ кӀаеу, бгычӀэм чӀэтэу зы цӀыфцӀыкӀу гъэшӀэгъон горэ къылъэгъугъ. БэщкӀэ Ӏа къешӀы, кӀалэм ипаӀуи сикъэбзэжьым щыгъ. «Мары джы сипаӀуи къэзгъотыжьыгъ…» – ыӀуи гупсэфыжьыгъэ кӀалэр. А паӀор зыщыгъ цӀыф цӀыкӀу гъэшӀэгъоныр мыгумэкӀэу мыжъобгым зэ дэчъае, зэ къечъэхы, зешӀытэжьы, мэджэгу.….ШъхьакӀо ышӀи, тӀэкӀуи къэгубжи Горик а цӀыф цӀыкӀоу къыдэджыгурэм зыфигъази екуугъ: «ТыгъуакӀор, укъыздэджэгу ара! Зэ моу сэ къысӀэкӀаф, уифэшъуашэр узгъэгъотын». Хымэ цӀыфцӀыкӀум ечъэлӀагъ, Ӏэхъобэщэу ыӀыгъыр тырыщэягъ. Ау хымэ цӀыфцӀыкӀум ынэӀу ихыгъэу нэшӀукӀэ кӀалэм къызеплъым Горик лъэшэу ыгъэшӀэгъуагъ, Ӏэсэжьыгъэу ащ еупчӀыгъ:

– Сыда былымхэр кӀызэбгырыпфыгъэхэр? СипаӀо кӀэптыгъугъэр?

– Былымхэм сащыхьагъэп, паӀор, шъыпкъэ, сштагъэ итеплъэ сшӀогъэшӀэгъонэу, цым хэшӀыкӀыгъэ Ӏэгуаом фэд….ТӀэкӀу сырыджэгумэ къэсхьыжьынэу, ау джэгуным сихэлъэсагъ.

– ДжэгуакӀу, уянэ-уятэхэри уигъусэха, мы чӀыпӀэм щыӀэ-

ха?

– Хьау, ахэмэ Іоф яІ, нэмыкІ чІыпІэ лъэхъух. Сятэ йети (осцІыф) зыфаІорэмэ ащыщ, бэ шІагъэу сятэ фай къушъхьэм нахь пэблагъэу тыщыпсэунэу нэмыкІ чІыпІэ хэтхынэу. Сыда пІомэ, мы чІыпІэм цІыф бащэ къэкІо, бащэмэ зыщагъэпсэфы. Сэ сыфаеп мы чІыпІэр сбгынэнэу, сыгу рехьы цІыфмэ салъыплъэнэу, ау сакІэрыхьанэу сэщынэ.

– Ащыгъум уизакъоу мы бгым утес, цІыфмэ уащэщынэ….

– Ары, цІыфмэ сащэщынэ, ау шъусымылъэгъумэ сезэжьы, оррэ сэррэ ныбджэгъу тызэфэгъугъэмэ дэгъугъэ, о сыда ащ къепІуалІэрэр?

– Пари мыхъун ныбджэгъуныгъэм сэ хэслъагъорэп, тІэкІуи сыджэгун фалІ, ау чылэм былымэу дэтыр зэкІэ къысщэгугъы, мэфэ ренэм сэгъэхъух. Уахътэ лые сиІагъэмэ, былымхэр маф къэс шъофым къыдэпфын фэмыягъэмэ, а уахътэр тянэ сыдеІэзэ згъэфедэни, ащ нэмыкІэу шы псынкІэхэр, шы дахэхэр зэрэ Кавказ шъолъырым щашІэхэу схъуныгъи.

– Адэ уфаемэ сыбдеІэщт? Сэ былымхэм сахэзагъэ, салъыплъэни, згъэхъунхи слъэкІыщт, чылэми къэсфыжьынхэуи сфифэщт

– А зэкІэ фэгъэцэкІэщтымэ, сыда ар зымыуасэр, ау сыда сэ къыпфэсшІэжьыщтыр?

– Зыпари – ныбджэгъу къысфэхъу!

– Сыда пцІэр синыбджэгъоу цІыф цІыкІу гъэшІэгъон? – ошІэ-дэмышІэу къэупчІагъ Горик. ЦІыф цІыкІум игущыІа-

кIэ ыгу рихьыгъ, былымхэри мы цIыкIум къыфэбгъанэ зэрэхъущтыри къыгурыIуагъ.

– Сэ сыосцIыфцIыкIу, тиунагъо щыщхэм Снежик аIошъ къысэджэх, сыда пIомэ сыфыжьыбзэу, ос фыжьэу тикъушъхьэмэ ателъым сафэдэу, сыкъэхъугъ. Джыдэдэм тIэкIу шIуцIашъо сыкъэхъугъ – ыIуи щхыгъэ йети (осцIыфцIыкIоу) Снежик

– Сэ сыкъушъхьэчIэс кIэлэ цIыкIу Горик аIошъ къысэджэх, сицIыкIугъэм щегъэжьагъэу мыжъобгыхэр, къушъхьэхэр шIу сэлъэгъух, нахьыбэмкIэ сиуахътэ ахэмэ ащэкIо. Снежик къеблагъ тичылэ, къыбщыгушIучыщтых! Непэ щегъэжьагъэу зымгъэбылъыжь, цIыфми уащымщын. Тэ тичылэ дэс цIыфхэм гушIохэсэ уахьэкIэщт, агухэр ихыгъэх, зы унэгъо бынэу тызэдэпсэу.

# Конец ознакомительного фрагмента.

Текст предоставлен ООО «Литрес».

Прочитайте эту книгу целиком, купив полную легальную версию на Литрес.

Безопасно оплатить книгу можно банковской картой Visa, MasterCard, Maestro, со счета мобильного телефона, с платежного терминала, в салоне МТС или Связной, через PayPal, WebMoney, Яндекс.Деньги, QIWI Кошелек, бонусными картами или другим удобным Вам способом.